

BELA

Bilingual Early Language Assessment

Haitian Creole Version

Cornelia Heise-Baigorria, Ed.D.
Cambridge Public Schools

Patton O. Tabors, Ed.D.
Harvard Graduate School of Education

Translated by
Blondine Hyppolite
Blondel Joseph

I.1 Idantifye moun/bagay ki gen rapò avèk ou

Materyèl: Okenn

Metòd: Chita avèk timoun nan/manman/papa li/oubyen nenpòt granmoun

Di premye bagay la. Tann yon ti moman.
Si timoun nan pa reponn, mande l menm bagay la ankò.

Aprè timoun nan reponn (oubyen si l pa reponn byen apre w mande li 2 fwa) bay timoun nan fè sa k vin apre a.

Kontinye menm pwosede a pou tout 4 nimewo yo.

Egzaminè a di:

1. Montre m Manman (Papa ou/nenpòt granmoun) (depann ki moun ki avèk ou)
[**Ekri** nan papye a *pou ki moun ou te mande*]
2. Montre mwen men ou
3. Montre mwen zye ou
4. Montre mwen rad/kòsaj/pantalou ou (depann ki rad timoun nan mete)
[**Ekri** nan papye a *non rad ou te mande a*]

I.2 Idantifye bagay ki nan anviwònman w

Materyèl: Okenn

Metòd: Anvan w kòmanse pati sa a, asire n ke pa genyen ni televizyon oubyen radyo nan sal la. Si gen yon radyo ak yon televizyon nan sal la, li ta pi bon pou chwazi televizyon an. Si pa gen youn oubyen lòt, chwazi yon lòt objè pami bagay ki nan sal la pou kesyon #2 a – fè yon envantè sou sa k nan sal la anvan w kòmanse pati tèl la.

Chita ansanm ak timoun nan ak yon granmoun. Voye yon koudèy nan sal la kòmsi w ap chache yon bagay, answit poze premye kesyon an. Tann yon ti moman. Si timoun nan pa reponn, poze kesyon an ankò.

Aprè timoun nan reponn (oubyen si l pa reponn byen apre w mande li 2 fwa) poze kesyon ki vin apre a. Si timoun nan pa reponn, repoze l kesyon an ankò.

Kontinye menm pwosede a pou tout 4 nimewo yo.

Egzaminè a di:

1. Montre m kote pòt la ye?
2. Montre m kote radyo/televizyon/lòt bagay yo ye? [**Ekri** nan papyè a *non bagay/objè* ou te mande a]
3. Montre m kote fenèt la ye?
4. Montre m kote chèz/kanape/kabann yo ye? [**Ekri** nan papyè a *non bagay* ou te mande a]

I.2 Identifye bagay ki fanmiye {oubyen bagay timoun nan konnen}

Materyèl: 12 bagay/objè (kreyon, soulye, kle, poupe, goblè, liv, fig, otobis, boul, machin, foto, chapo)

Metòd: Plase 3 premye bagay yo devan timoun nan nan lòd ki dekri anba a.

Bay bagay pou idantifye an premye a. Tann yon ti moman.
Si timoun nan pa reponn, mande l menm bagay la ankò.

Aprè timoun nan reponn (oubyen si l pa reponn byen aprè w mande li 2 fwa) retire 3 premye objè yo devan li, mete 3 lòt objè yo nan lòd ki dekri anba a. Poze lòt kesyon ki vin apre a. Si timoun nan pa reponn, poze l menm kesyon an ankò.

Kontinye menm pwosede a pou tout 4 nimewo yo.

Egzaminè a di:

1. [Aprè w vin mete kreyon, soulye, ak kle devan timoun nan] di: “Montre m **soulye** a.”
2. [Aprè w vin mete poupe, goblè, ak liv devan timoun nan] di: “Montre m **liv** la.”
3. [Aprè w vin mete fig, otobis, boul devan timoun nan] di: “Montre m **boul** la.”
4. [Aprè w vin mete machin, foto/imaj, chapo devan timoun nan] di: “Montre m **machin** nan.”

I.3 Idantifye Koulè

Materyèl: 8 fèy papye diferan koulè, menm-fòm, menm lajè pou travay (kouvri ak plastik)

Metòd: Mete 2 fèy papye devan timoun nan nan lòd ki dekri anba a:

Mande timoun nan idantifye premye koulè a. Tann yon ti moman. Si li pa reponn, poze kesyon an ankò.

Aprè timoun nan reponn (oubyen si l pa reponn byen apre w mande li 2 fwa), retire 2 premye fèy paper devan l epi mete 2 lòt ki swiv nan lòd ki dekri anba a. Poze kesyon ki vin apre a. Si timoun nan pa reponn, poze l menm kesyon an ankò.

Kontinye menm pwosede a pou tout 4 kesyon yo.

Egzaminè a di:

1. [Aprè w fin mete yon fèy papye wouj ak blan devan timoun nan] di: Montre m koulè **wouj** la.
2. [Aprè w fin mete yon fèy papye ble ak nwa devan timoun nan] di: Montre m koulè **nwa** a.
3. [Aprè w fin mete yon fèy papye mov ak jòn devan timoun nan] di: Montre m koulè **jòn** nan.
4. [Aprè w fin mete yon fèy papye vèt ak jòn-abriko devan timoun nan] di: Montre m koulè **vèt** la.

I.4 Idantifye Kantite

Materyèl: 8 ti bagay/objè, tankou [blòk] tout menm gwosè ak menm koulè.

Metòd: Mete tout 8 bagay/objè yo devan timoun nan. Di, “Men kèk nan _____ (mete non bagay/objè sa yo).”

Mande timoun nan idantifye premye bagay la pandan w ap montre l men w. Tann yon ti moman. Si timoun nan pa reponn, poze l menm kesyon an ankò.

Aprè timoun nan fin reponn (oubyen si l pa reponn byen apre w mande li 2 fwa), mete tout bagay/objè yo ansanm, (si ou gen nenpòt bagay nan men ou). Poze kesyon k vin apre a. Tann yon ti moman. Si timoun nan pa reponn, poze l menm kesyon an ankò.

Kontinye menm pwosede a pou tout 4 nimewo yo.

Egzaminè a di:

1. Ban mwen youn.
2. Ban mwen de (2).
2. Ban mwen senk (5).
4. Ban mwen twa (3).

1.5 Idantifye Gwosè

Materyèl: Yon piti ak yon gwo vèsyon chak bagay sa yo: soulye, boul, liv, machin.

Metòd: Mete 2 premye bagay yo devan timoun nan. Poze premye kesyon an, konsantre sou mo ki soulye a. Tann yon ti moman. Si timoun nan pa reponn, poze l menm kesyon an ankò.

Aprè timoun nan reponn (oubyen si l pa reponn byen apre w mande li 2 fwa), retire bagay yo answit mete 2 lòt bagay ki vin apre yo devan li. Poze l yon lòt kesyon. Si timoun nan pa reponn, poze l menm kesyon an ankò.

Kontinye menm pwosede a pou tout 4 nimewo yo.

Egzaminè a di:

1. [Aprè w mete soulye yo deyò] di: Montre mwen gwo soulye a?
2. [Aprè w mete boul yo deyò] di: Montre mwen ti boul la?
3. [Aprè w mete machin yo deyò] di: Montre mwen ti machin nan?
4. [Aprè w mete liv yo deyò] di: Montre mwen gwo liv la?

1.6 Idantifye Fòm

Materyèl: Yon seri bagay menm-gwosè, menm koulè ki fèt an papye: sèk, kare, triyang, kè, lozanj, lalin, ak zetwal (kouvri ak papye platik)

Metòd: Mete 2 premye fòm yo devan timoun nan nan lòd yo mete l anba a. Bay premye lòd la. Tann yon ti moman. Si timoun nan pa reponn, mande l menm bagay la an ankò.

Aprè timoun nan reponn (oubyen si l pa reponn byen apre w mande li 2 fwa), retire 2 premye fòm yo devan l, answit mete 2 lòt fòm ki rete yo devan l nan lòd yo bay anba a. Poze lòt kesyon an. Tann yon ti moman. Si timoun nan pa reponn, poze l menm kesyon an ankò.

Kontinye menm pwosede a pou tout 4 nimewo yo.

Egzaminè a di:

1. [Aprè w mete sèk ak lozanj yo deyò] di: Montre m sèk la.
2. [Aprè w mete lalin ak kare a deyò] di: Montre m kare a.
3. [Aprè w mete zetwal ak rektang la deyò] di: Montre m zetwal la.
4. [Aprè w mete kè ak triyang la deyò] di: Montre m kè a.

1.7 Idantifye Aksyon

Materyèl: Boul Eponj

Metòd: Mete boul la devan timoun nan. Poze premye kesyon an. Si timoun nan pa reponn, mande l menm kesyon an ankò.

Aprè timoun nan reponn (oubyen si l pa reponn byen apre mande li 2 fwa), poze kesyon ki vin apre a. Tann yon ti moman. Si timoun nan pa reponn, poze l menm kesyon an ankò.

Kontinye menm pwosede a pou tout 4 nimewo yo.

Egzaminè a di:

1. Pran boul la.
2. Woule boul la.
3. Voye boul la.
4. Sere boul la.

1.8 Idantifye Sijè

Materyèl: Ti Liv a desen, imaj

Metòd: Montre timoun nan premye imaj/fot 1.9. Di fraz ki bagay 1 an. Rete tann repons timoun nan (timoun nan dwe montre yon **moun** olye bagay/objè a). Si timoun nan pa reponn, repete fraz yo ankò.

Aprè timoun nan reponn (oubyen si l pa reponn byen apre w mande li 2 fwa), di fraz ki nan bagay 2 a. Rete tann repons timoun nan (timoun nan dwe montre **moun** olye objè). Si timoun nan pa reponn, di fraz yo ankò.

Kontinye menm pwosede a pou tout 4 nimewo yo.

Egzaminè a di:

1. Yon moun ap jwe avèk blòk yo. Montre m kiyès k ap jwe avèk blòk yo.
2. Yon moun ap montre yon chen. Montre m kiyès k ap montre chen an.
3. Yon moun ap leve ti bebe a. Montre m kiyès k ap leve ti bebe a.
4. Yon moun ap kolore yon foto. Montre m kiyès k ap kolore foto a.

I.9 Idantifye Bagay Negatif

Materyèl: Liv a desen, imaj

Metòd: Montre timoun nan imaj/foto ki nan egzèsis I.10.1 a. Di fraz yo. Rete tann repons timoun nan. Si timoun nan pa reponn, repete fraz yo ankò.

Aprè timoun nan reponn (oubyen si l pa reponn byen apre w di fraz la 2 fwa), montre timoun nan imaj ki nan I.10.2 a, answit di lòt fraz yo. Rete tann repons timoun nan. Si timoun nan pa reponn, repete fraz la ankò.

Kontinye pwosede a pou egzèsis 3 (imaj I.10.3) ak pou 4 (imaj I.10.4).

Egzaminè a di:

1. Ti chen an pa p manje. Montre m ti chen ki pa p manje a.
2. Ti fi a pa p kouri. Montre m ti fi ki pa p kouri a.
3. Ti bebe a pa p dòmi. Montre m ti bebe ki pa p dòmi an.
4. Ti gason an pa p jwe avèk bèt yo. Montre m ti gason ki pa p jwe avèk bèt yo.

2.1 Bay Enfòmasyon Pèsonèl

Materyèl: Okenn

Metòd: Poze timoun nan premye kesyon an. Tann yon ti moman. Si timoun nan pa reponn, poze kesyon an ankò.

Aprè timoun nan reponn (oubyen si l pa reponn byen apre w mande li 2 fwa), poze kesyon k vin apre a. Si timoun nan pa reponn, poze l kesyon an ankò.

Kontinye menm pwosede a pou tout 4 nimewo yo. Ekri repons pou egzèsis nimewo 3 ak 4 yo.

Egzaminè a di:

1. Kijan ou rele? [si timoun nan bay siyati l sèlman repons la kòrèk (non l sèlman sifi) oubyen ti non jwèt li.]
2. Konbyen ane w gengen oubyen ki laj ou? [repons la kòrèk si timoun nan **di** vrè laj li]
3. Ki koulè prefere ou? [Ekri repons la nan fèy papye a.]
4. Ki jan aktivite ou renmen fè? [Ekri repons la nan fèy papye a.]

2.2 Repete Son

Materyèl: Okenn

Metòd: Di timoun nan, **“Koute sa m di a, answit repete I”** epi di premye bagay la. Tann yon ti moman. Si timoun nan pa reponn, di li sa pou l fè, epi repete bagay la ankò.

Aprè repons timoun nan (oubyen si l pa reponn byen apre w mande l 2 fwa), bay lòd sa a **“Koute sa m di a, answit repete I”**, answit di bagay ki vin aprè a. Tann yon ti moman. Si timoun nan pa reponn, di li sa pou l fè, epi repete bagay la ankò.

Kontinye menm pwosede a pou tout 4 nimewo yo.

Egzaminè a di: **“Koute sa m di a, answit repete I”**

1. ba – ba – ba [menm kòmansman konsòn, menm vwayèl]
2. tou – bou – mou [menm kòmansman vwayèl, konsòn a diferan son final]
3. bèl – bòl – bal [diferan son pou vwayèl mitan]
4. klat – flat – plat [melanj diferan konsòn pou fè yonsèl]

2.3 Repete Fraz

Materyèl: Okenn

Metòd: Di timoun nan, **“Koute sa m di a, answit repete l”**. Tann yon ti moman. Si timoun nan pa reponn, di l sa pou l fè, anwit repete menm bagay la ankò.

Aprè repons timoun nan (oubyen si l pa reponn apre w di bagay la 2 fwa), di ankò **“Koute sa m di a, epi repete l”** epi di bagay ki vin aprè a. Tann yon ti moman. Si timoun nan pa reponn, di timoun nan sa pou l fè epi di bagay la ankò.

Kontinye menm pwosede a pou tout 4 nimewo yo.

Egzaminè a di: **“Koute sa m di a epi repete l”**

1. Debou oubyen Chita
2. Goch oubyen Dwat
3. Mwen genyen yon nen
4. Yon gwo otobis jonn lekòl

2.4 Repete Fraz

Materyèl: Okenn

Metòd: Di timoun nan, **“Koute sa m di a, answit repete l”** answit di premye bagay la. Tann yon ti moman. Si timoun nan pa reponn, di l sa pou l fè answit repete bagay la ankò.

Aprè repons timoun nan (oubyen si l pa reponn apre w mande mande l 2 fwa), bay lòd la ak di bagay ki vin aprè a. Tann yon ti moman. Si timoun nan pa reponn, di timoun nan sa pou l fè, ak repete bagay la ankò.

Kontinye menm pwosede a pou tout 4 nimewo yo.

Egzaminè a di: **“Koute sa m di a, answit repete l”**

1. Mwen renmen w.
2. Pòm yo wouj.
3. Nou te ale nan mache yè.
4. Kisa lapen an te di?

2.5 Make Bagay ou Konnen oubyen Rekonèt

Materyèl: Kat bagay/Objè: machin, boul, liv, soulye

Metòd: Mete premye bagay/objè a devan timoun nan. Mande, “Kisa sa a ye?” Tann yon ti moman. Si timoun nan pa reponn, poze kesyon an ankò.

Aprè timoun nan reponn (oubyen si l pa reponn byen apre w poze l kesyon an 2 fwa), retire premye bagay la, mete bagay ki vin apre a devan timoun nan, epi mande l, “Kisa sa a ye?” Tann yon ti moman. Si timoun nan pa reponn, poze l menm kesyon ankò

Kontinye menm pwosede a pou tout 4 nimewo yo.

Egzaminè a di: “Kisa sa a ye?”

1. Machin
2. Boul
3. Liv
4. Soulye

2.6 Make Koulè

Materyèl: 8 moso papye diferant koulè

Metòd: Mete premye moso papye kolore a devan timoun nan. Answit di, “Eske ou konnen nenpòt koulè?” Ki koulè sa a ye? Tann yon ti moman. Si timoun nan pa reponn, mande l ankò, “Ki koulè sa a ye?”

Aprè timoun nan reponn (oubyen si l pa reponn apre w mande li 2 fwa), retire premye moso papye kolore a, plase moso k vin apre a devan timoun nan. Mande, “Ki koulè sa a ye?” Tann yon ti moman. Si timoun nan pa reponn, mande l ankò, “Ki koulè sa a?”

Kontinye menm pwosede a pou tout 8 nimewo yo.

Egzaminè a di: “Ki koulè sa a ye?”

1. Wouj
2. Vèt
3. Ble
4. Nwa
5. Blan
6. Jonn
7. Jonn-Abriko
8. Mov

2.7 Konte

Materyèl: Okenn

Metòd: Moun k ap fè entèvyou di, “Eske ou ka konte jiska dis (10) pou mwen? – en, de, twa...etc.” Tann yon ti moman. Si timoun nan pa reponn, mande l ankò, “Eske ou ka konte jiska 10 pou mwen? – en, de, twa...”

2.8 Make/Distenge Pati Kò

Materyèl: Okenn

Metòd: Montre oubyen touche premye pati *pwòp kò ou* answit di, “Kisa sa a ye? Tann yon ti moman. Si timoun nan pa reponn, poze kesyon an ankò.

Aprè timoun nan reponn (oubyen si l pa reponn apre w mande li 2 fwa), montre ak touche lòt pati nan kò w answit di, “Kisa sa a ye?” Tann yon ti moman. Si timoun nan pa reponn, poze l menm kesyon an ankò.

Kontinye menm pwosede a pou tout 4 nimewo yo.

Egzaminè a di: “Kisa sa a ye?”

1. Nen
2. Zòrèy
3. Men
4. Cheve

2.9 Make Aksyon

Materyèl: Liv avèk imaj/foto

Metòd: Montre timoun nan imaj/foto 2.9. Montre foto yon ti fi k ap sote a answit di, “Gade, l ap sote.”

Montre foto timoun nan foto a k ap manje epi di, “Kisa l ap fè?”
Tann yon ti moman. Si timoun nan pa reponn, poze kesyon an ankò.

Aprè timoun nan reponn (oubyen si l pa reponn byen apre w mande li 2 fwa), kontinye avèk bagay 2, 3, ak 4.

Nenpòt vèb apwopriye ki mache ak foto a kòrèk. Nenpòt fòm vèb kòrèk.

Kontinye menm pwosede a pou tout 4 nimewo yo.

Egzaminè a di: “Kisa l ap fè?”

1. Repons sijere: manje [Ekri sa timoun nan di oubyen repons li bay la.]
2. Repons sijere: li [Ekri sa timoun di oubyen repons li bay la.]
3. Repons sijere: dòmi [Ekri sa timoun nan di oubyen repons li bay la.]
4. Repons sijere: kouri [Ekri sa timoun nan di oubyen repons li bay la.]